Pou Piblikasyon Imedya: 18/08/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

LARI KI PI AN SEKIRITE: GOUVÈNÈ HOCHUL AK KOMISÈ LAPOLIS TISCH SOULIYE REDIKSYON KRIM KI BAT REKÒ NAN DEVLOPMAN LOJMAN PIBLIK YO NAN VIL NOUYÒK

Pandan 7 premye mwa 2026 yo, NYPD rapòte mwens asasina, ensidan fiziyad, viktim fiziyad ak vòl nan lojman sosyal yo nan tout listwa

Gouvènè Hochul envesti epi angaje plis pase 150 milyon dola pou amelyore resous NYPD yo pandan 18 dènye mwa yo

Gouvènè a envesti prèske 4 milya dola nan inisyativ sekirite piblik nan tout eta a epi li bay yon sipò istorik pou fòs lòd lokal ak eta a

Gouvènè Kathy Hochul ak Komisè NYPD Jessica Tisch te fè lwanj pou patenarya solid yo nan konbat krim jodi a epi yo te mete aksan sou rediksyon krim rekò NYPD a nan devlopman lojman sosyal yo ak atravè Vil Nouyòk. Ane sa a, Gouvènè Hochul te anonse yon angajman 77 milyon dola anplis pou amelyore resous NYPD yo – sa ap ajoute sou 77 milyon dola anvan nan finansman Leta ki te deja envesti nan ane fiskal 2026 la, pou yon total plis pase 150 milyon dola envesti ak angaje pou resous NYPD yo depi 2025. Envestisman Gouvènè a ak patenarya Vil la ak Eta a pou konbat krim kontinye bay rezilta nan devlopman lojman piblik yo atravè Vil Nouyòk – sa ki bat rekò pou mwens asasina, ensidan fiziyad, viktim fiziyad ak vòl pandan sèt premye mwa ane a.

"Lè m te vin Gouvènè, mwen te fè sekirite piblik la vin pi gwo priyorite mwen. Pandan senk dènye ane yo, mwen fè envestisman san parèy nan sekirite piblik — prèske 4 milya dola — pou sipòte fòs lòd yo ak efò yo pou konbat krim dirèkteman", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Chak dola nou envesti ak chak patenarya nou bati ranfòse efò nou pou fè Nouyòk pi an sekirite. Mwen toujou rekonesan anvè Komisè Lapolis Tisch ansanm ak gason ak fanm brav yo nan fòs lòd la ki jwe yon wòl enpòtan nan travay sa a. Dedikasyon kontinyèl yo pou diminye krim ap pwodui rezilta reyèl ak mezirab pou kominote nou yo."

Biwo Lojman NYPD a responsab sekirite prèske mwatye yon milyon rezidan, anplwaye ak vizitè nan tout devlopman lojman vil la. Lè Biwo a ap travay an kowòdinasyon sere avèk patwouy rezidan yo, gwoup kominotè yo, ak responsab devlopman yo, li rete

angaje pou diminye krim yon fason efikas epi amelyore kalite lavi nan ak ozalantou devlopman lojman piblik nan Vil Nouyòk.

Gouvènè Hochul ak Komisè NYPD Tisch te vizite Zòn Sèvis Lapolis (Police Service Area, PSA) 2 jodi a, ki desèvi Brooklyn North. PSA 2 patwouye 42 devlopman nan 73è, 75è, ak 77è sikonskripsyon yo epi li reyalize pi gwo rediksyon krim nan Brooklyn jiskaprezan ane sa a. Nan zòn sèvis sa a, ensidanfiziyad yo te diminye 40 pousan epi viktim fiziyad yo te diminye 45.5 pousan konpare ak menm peryòd ane pase a.

Toupatou nan Vil Nouyòk, gwo krim nan lojman sosyal yo te diminye 6.3 pousan (3,174 kont 3,387) ant janvye ak jiyè ane sa a, ak asasina ki te diminye 45 pousan (11 kont 20), ensidan fiziyad ki te diminye 33.3 pousan (54 kont 81), viktim tire ki te diminye 35.2 pousan (59 kont 91), ak vòl ki te diminye 19.3 pousan (419 kont 519).

Envestisman kontinyèl Gouvènè Hochul nan fòs lòd pèmèt NYPD kenbe apeprè 5,000 èdtan siplemantè chak jou nan Amelyorasyon Sekirite Transpò epi li sipòte deplwaman kontinyèl fòs mobil sou teren ak resous amelyore sou tren ak platfòm yo.

Semèn pase a, Gouvènè Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou envestisman rekò li yo nan sekirite piblik, ki te kontribye nan yon rediksyon siyifikatif nan krim ak vyolans ak zam pandan tout manda li a antanke Gouvènè. Jiska prezan, Gouvènè a envesti prèske 4 milya dola nan inisyativ sekirite piblik — tankou prevansyon vyolans ak zam, sekirite nan metwo, prevansyon krim rayisans ak sekirite fwontyè — pandan l ap bay yon sipò istorik pou fòs lòd lokal ak eta a soti Long Island rive Buffalo.

Kòm rezilta, Eta Nouyòk te wè yon diminisyon 10 pousan nan endis krim, ak rediksyon nan tout sèt kategori krim yo ak yon diminisyon plis pase 60 pousan nan lanmò pa fiziyad depi premye ane konplè Gouvènè a te antre an fonksyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU
Pou dezabòne nan gwoup sa a epi sispann resevwa imèl ki soti ladan, voye yon imèl bay press.release+unsubscribe@exec.ny.gov.